

## Pre-peman sou Entènèt

Yo te konsevwa *School Cash Online* pou l kapab yon sistèm peman sou entènèt ki fasil pou itilize epi ki efikas. Ou pral gen aksè pou wè balans kont pou manje, gade detay sou chak atik ou achte (enkli atik ki nan meni separe) ak ajoute lajan nan kont la.

Si elèv ou a te deja louvri yon kont nan youn nan lekòl Rejyon *Palm Beach* la, nouvo lekòl elèv ou a ap mete enfòmasyon an ajou epi transfere kèlkeswa balans ki te rete nan kont la.

Anba la se etap sou kòman pou kreye yon kont:

**Log on to:** [palmbeach.schoolcashonline.com/](http://palmbeach.schoolcashonline.com/)

- Klike sou "Get Started Today"
- Mete enfòmasyon yo mande yo. Yonfw enfòmasyon an konplè w ap resevwa yon imèl ki avize w ou enskri.

## Kòman pou m ajoute lajan sou kont pitit mwen an (yo):

- Klike sou tab *Meal Plan*
- Antre montan total w ap ajoute a nan zòn *meal plan* nan
- Klike sou "Add to Cart"
- Klike sou *Checkout* epi revize kòmand ou a
- Klike sou *Continue* epi seleksyone metòd peman w lan
- Antre detay peman an epi klike sou *Continue* (kontinye)

## Èske chak paran kapab genyen yon kont separe?

Wi. Yo te konsevwa *School Cash Online* pou paran, granparan, responsab, etsetera kapab genyen yon kont endividyèl. Yo kapab ajoute elèv la nan jiska senk diferan kont "paran".

## Ki kote pou m jwenn ID elèv mwen an?

Yo kapab jwenn ID yon elèv nan youn nan resous anba a:

- Kanè

## Èske mwen bezwen re-enskri yon elèv ki ale nan yon lekòl diferan nan menm distri lekòl la?

Dosye *School Cash Online* yo toujou ajou, konsa si yon elèv ale nan yon lekòl diferan nan menm distri lekòl la, enfòmasyon elèv la otomatikman ~~miz~~-ajou.

**Tanpri, pa bliye *cashless school online* se sèlman pou aksè kont pou repa midi.**

## Online Prepayment-Haitian Creole

The Department of Multicultural Education Translation Team certifies that this is a true faithful translation of the original document. [\(561\) 434-8620](#) – July 2020 – SY201272

The Department of Multicultural Education Translation Team certifies that this is a true faithful translation of the original document. [\(561\) 434-8620](#) – August 2020 – SY201272